

Dwa Ou Yo

Si anplwaye oswa pèsonèl ki afilye a
Nasyonzini yo eksplwate ou oswa si
yo abize ou seksyèlman



United Nations
Office of the Victims'
Rights Advocate

2023

Dwa Ou You

Si anplwaye oswa pèsònèl ki afilye a Nasyonzini yoeksplwate ou oswa si yo abize ou seksyèlman

Ou gen dwa pou w chèche asistans ak sipò nan men Nasyonzini si ou viktim eksplwatasyon oswa abi seksyèl nan men nenpòt anplwaye Nasyonzini oswa pèsònèl ki afilye ak li. Ou te viktim abi seksyèl si w te antre nan yon ak seksyèl paske yo te menase w oswa yo te fòse w fè sa, oswa si w te antre nan yon ak seksyèl nan kondisyon ki pa kòrèk, pa egzanp, paske ou pa t lib pou w deside, oswa paske w te pè konsekans ki te ka genyen si w te refize patisipe nan yon ak konsa. Dapre règ Nasyonzini yo, ou te viktim abi seksyèl si ou te patisipe nan yon ak seksyèl, oswa ou te nan yon kondisyon pou w antre nan yon ak seksyèl pandan w pa t ko gen 18 an. Ou se yon viktim abi seksyèl tou si yo te eseye fè w nenpòt nan move zak sa yo.

Ou te viktim eksplwatasyon seksyèl si yon anplwaye Nasyonzini oswa yon pèsònèl ki afilye ak Nasyonzini te pwomèt ou oswa te ba ou lajan, manje oswa nenpòt lòt avantaj, tankou lojman oswa yon travay, an retou, pou w antre nan yon ak seksyèl ak li.

Yo entendi pou tout anplwaye Nasyonzini ak pèsònèl ki afilye ak li yo rantre nan pratik eksplwatasyon ak abi seksyèl. Zak sa yo pa akseptab.

Zak sa yo pa akseptab, kèlkeswa sikonstans lan. Nasyonzini ap fè yo mennen ankèt sou tout zak eksplwatasyon oswa abi seksyèl. Nasyonzini ap fè tout efò li pou li rann agresè a responsab zak li a. Sa a ka enplike yon aksyon disiplinè entèn oswa yon kowoperasyon ak eta manm yo.

Dokiman sa a dekri dwa w genyen yo, ak fason Nasyonzini ap ede w.

Prensip k ap Dirije Nasyonzini yo::

Dwa w, bezwen w, sekirite w ak diyite w se priorite.

Ou gen dwa pou yo pa jije w, blame w ni fè w responsab pou mal ou te sibi pandan eksplwatasyon oswa abi seksyèl la.

Yo ap pwopoze w asistans pou favorize byennèt ou ak pou ede w retabli.

Yo p ap fè okenn diskriminasyon kont ou sou baz ras, orijin etnik, nasyonalite, klas, gwoup sosyal, relijyon, kwayans, sèks, lang, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, laj, sante, andikap, estati w antanke rezidan oswa sou baz nenpòt lòt motif.

Dwa ou antanke yon viktim eksplwatasyon oswa abi seksyèl:



1. Dwa pou yo trete w ak respè

- A.** Y ap trete w avèk koutwazi, konpasyon, pwofesyonalis ak ekite.
- B.** Y ap respekte kilti w, valè w ak opinyon w. Y ap konsidere bezwen endividyèl ou yo ak chwa enfòmè w yo kòm yon priorite santral.



2. Dwa pou w resevwa asistans ak sipò

- a. Ou gen dwa pou w resevwa asistans ak sipò selon bezwen endividyèl ou yo.
- b. Aksè pou w jwenn asistans ak sipò ou genyen pa depann de si wi ou non, oswa kòman ou kolabore vizavi yon ankèt oswa yon pwosesis responsabilizasyon.
- c. Si w bezwen epi w vle sa, Nasyonzini ap ede w chèche ak jwenn asistans an ijans, tankou swen medikal, sa ki enplike swen sante seksyèl ak repwodiktif; sipò sikolojik; mwayen pou viv ak asistans materyèl debaz, tankou manje, rad, transpò ak abri ki san danje.
- d. Si w bezwen epi w vle sa, Nasyonzini ap ede w chèche ak jwenn asistans alontèm, tankou swen sante konplè, sipò sikolojik, aksè a asistans jiridik, sipò pou w gen mwayen pou w viv, fòmasyon pwofesyonèl.
- e. Pou sipò emosyonèl ou, epi nan respè pou volonte w ak enterè w, ou gen dwa pou w mache ak yon moun ou fè konfyans lè w ap chwazi oswa lè w ap chèche jwenn aksè ak asistans ak sipò.
- f. Si w gen mwens pase 18 an, nenpòt asistans oswa sèvis yo ba ou ap konsidere laj ou ak bezwen endividyèl ou yo, tankou, reyentegrasyon eskolè w, pa egzanp.
- g. Ou gen dwa pou w refize nenpòt fòm asistans oswa sipò nenpòt ki lè, menm si ou te gentan kòmanse resevwa li. Yon desizyon konsa p ap anpeche w mande l ak resevwa li nan yon lòt lè an apre.



3. Dwa pou w jwenn jistis epi fè moun nan responsab

- a. Ou gen dwa pou w depoze yon plent pou eksplwatasyon oswa abi seksyèl yon anplwaye Nasyonzini oswa yon pèsonèl ki afilye ak li fè, epi Nasyonzini li menm gen responsablite pou l mennen envestigasyon sou plent ou a.
- b. Ou gen dwa pou w mande jistis ak mande pou moun ki te fè zak la responsab pou mal ou te sibi a atravè pwosesis penal ak sivil ansanm ak mekanis administratif, disiplinè ak nonjidisyè ki ka disponib pou ou.
- c. Si w vle, Nasyonzini ap ede w jwenn enfòmasyon sou fason pou w jwenn aksè ak asistans legal ak sou pi bon fason pou w jwenn jistis ak rann moun ki te fè zak la responsab, menm nan pwosedi nasyonal yo.
- d. Si ou gen yon timoun ki fèt nan eksplwatasyon oswa abi seksyèl, Nasyonzini ap chèche ede w jwenn enfòmasyon ak èd jiridik pou etabli patènite ak fè reklamasyon ki gen rapò ak sa, si ou vle.



4. Dwa pou w deside nan ki nivo w ap enplike w nan pwosesis Nasyohnzini yo

- a. Ou gen dwa pou w deside si w ap patisipe oswa kolabore nan nenpòt pwosesis ak pwosedi Nasyonzini yo, tankou sa yo ap antreprann nan kad dosye w antanke yon viktim eksplwatasyon oswa abi seksyèl.
- b. Si w deside pa patisipe oswa ou deside pa kolabore nan yon moman oubyen yon lòt, chwa sa a ka afekte rezilta ankèt la, tankou sa ka anpeche yo jwenn si agresè a koupab.



5. Dwa pou w jwenn enfòmasyon

- Ou gen dwa pou yo enfòme w, pi bonè posib, sou pwosesis ak pwosedi ki enplike nan rapòte ensidan eksplwatasyon oswa abi seksyèl la.
- Ou gen dwa pou w resevwa enfòmasyon sou tout sèvis ki disponib pou ede w. Si w gen yon timoun ki fèt kòm rezilta eksplwatasyon oswa abi seksyèl sa, n ap ba w enfòmasyon tou sou fason pou w etabli patènite, reklame pansyon alimantè ak lòt dwa pou pitit ou a.
- Ou gen dwa pou yo enfòme w sou sitiyasyon ankèt la ak sou nenpòt lòt pwosedi. Ou gen dwa tou pou yo enfòme w sou wòl ou ak sou chwa ou genyen pou sa ki konsène patisipasyon w nan ankèt la ak nan nenpòt lòt pwosedi. Nasyonzini ap ede w jwenn enfòmasyon sa yo epi l ap ede w pi byen konprann yo.
- Ou gen dwa mande pou yo ba w enfòmasyon sa yo nan yon lang ou konprann, ak nan yon fason ki klè epi ki aksesib pou ou, pandan y ap konsidere sitiyasyon pèsònèl ou, tankou si w gen yon andikap oditif, vizyèl oswa entelektyèl. Si ou pa ko gen 18 an, ou gen dwa pou w resevwa enfòmasyon yo nan yon fason ki apwopriye a laj ou.



6. Dwa pou yo tande w

- Ou gen dwa pou w eksprime opinyon w sou nenpòt pwoblèm ki gen rapò ak dwa sa yo, epi pou yo koute w epi tande w. Ou gen dwa tou pou w plede pou tèt ou epi pou w idantifye bezwen w yo. Y ap konsidere sa w gen pou w di yo nan nenpòt desizyon Nasyonzini pran oswa nenpòt aksyon li poze ki ka gen enpak sou sekirite w, diyite w oswa byennèt ou oswa sekirite, diyite ak byennèt moun ki pwòch ou yo.
- Pou sipò pratik ak emosyonèl ou epi nan respè pou volonte w ak enterè w, ou gen dwa pou w mache ak yon moun ou fè konfyans, nan nenpòt pwosedi investigasyon, entèvyou ak reyinyon. Yon reprezantan legal ka akonpaye w nan kèk sikonstans.
- Ou gen dwa pou yo pran an konsiderasyon bezwen endividyèl ou ak sikonstans pèsònèl ou ki ka afekte kapasite w pou w egzèse dwa w genyen pou yo tande w. Si ou pa ko gen 18 an, ou gen dwa pou yo fè tout pwosedi investigasyon, entèvyou oswa reyinyon yo nan yon fason ki apwopriye a laj ou. Ou gen dwa chwazi pou w mache ak yon moun ou fè konfyans, si w vle, nan nenpòt nan pwosedi, entèvyou oswa reyinyon sa yo.
- Ou gen dwa pou w asosye w ak lòt viktim epi òganize nou, si ou menm ak yo vle fè sa.



7. Dwa a vi prive ansanm ak konfidansyalite

- a. Ou gen dwa pou w decide ki enfòmasyon pou w bay Nasyonzini sou sitiyasyon w lan. Ou ka pa anvii bay okenn enfòmasyon, oswa ou ka anvii sispann bay enfòmasyon. Sa ka gen enpak oswa afekte dimansyon ak/oswa rezilta ankèt la.
- b. Ou gen dwa a konfidansyalite, menmsi lè ou bay yon manm pèsònèl Nasyonzini yon enfòmasyon ki ka idantifye w, yo ka transmèt enfòmasyon sa yo bay lòt moun ki anndan Nasyonzini ki bezwen konnen yo pou yo ka asire yo ke agresè a reponn a zak li komèt la. Ou gen dwa pou w mande pou pyès enfòmasyon ki ka idantifye w pèsònèlman pa al jwenn aktè ki pa nan Nasyonzini.
- c. Ou gen dwa pou yo enfòme w sou jan yo prevwa itilize nenpòt nan enfòmasyon ou decide bay yo, ni bay ki moun yo ka divilge enfòmasyon sa a. Ou sipoze konnen tou nenpòt chwa ki fèt pou kite enfòmasyon yo konfidansyèl ka limite dimansyon ankèt la, sa vle di tou limite posiblite pou fè agresè a responsab zak li fè a. Desizyon ou pran pou w pa bay enfòmasyon p ap afekte dwa ou genyen pou w resevwa asistans ak sipò.
- d. Ou gen dwa pou Nasyonzini enfòme w sou evalyasyon li fè sou tout enplikasyon potansyèl plent ou a genyen pou sekirite w ak sekirite moun ki pwòch ou yo.



8. Dwa pou yo pwoteje w

- Kenbe ou an sekirite gen gwo enpòtans pou Nasyonzini. Yo pa aksepte onkenn asèlman, entimidasyon, ak vanjans poutèt ou te rapòte sa ki te rive ou menm oswa moun ki pwòch ou, oswa nenpòt temwen akòz de ou. Si w rapòte zak sa yo bay Nasyonzini, li ap pran tout mezi pou l pwoteje sekirite fizik ou epi evite ou viv lòt twomatis oswa sibi lòt agresyon anplis, selon volonte w, nan tèt kole ak otorite leta yo oswa ak òganizasyon nongouvènmantral yo.
- Nasyonzini ap fè tout sa ki posib pou l pwoteje w kont tout kontak ak swadizan agresè a pandan tout pwosesis oswa pwosedi Nasyonzini ap dirije a.
- Nasyonzini ap kolabore ak Eta Manm yo pou li asire l ke mezi pwoteksyon yo disponib nan tout pwosedi nasyonal yo.



9. Dwa pou w jwenn reparasyon

- Agresè yo responsab endividyèlman pou zak eksplwatasyon ak abi seksyèl yo. Ou gen dwa mande reparasyon ki pou rann moun ki te fè zak la responsab pou mal ou te sibi a epi pou l ede repare li. Reparasyon ou gen dwa ak yo a pral depann de lwa peyi kote yo envestige oswa tande ka w la, yo kapab se konpansasyon finansye; reyabilitasyon fizik ak sikolojik ak sipò materyèl; yon ekskiz; oswa mezi ki pran pou garanti mal la p ap repete.
- Si yo te etabli patènite yon timoun ki fèt antanke rezilta eksplwatasyon oswa abi seksyèl, ou gen dwa angaje yon pwosedi kont papa a pou w oblije l aksepte responsablite parantal li, ni pou w oblije l bay pansyon alimantè pou timoun nan konfòmman ak dwa nasyonal peyi kote ka w la jije a. Pitit ou a kapab reklame plis dwa, tankou nasyonalite oswa sitwayènte papa a. Nasyonzini ap ede w ak pwosesis sa yo epi travay ak Eta ki konsène a pou fasilite yon rezolisyon ki ekitab epi ki jis pou reklamasyon sa yo.



10. Dwa pou w pote plent pou tretman ou te resevwa a

- a. Si w konsidere Nasyonzini pa te respektè dwa ki nan dokiman sa a, ou gen dwa pote plent nan Biwo k ap Defann Dwa Viktim yo. Selon volonte ou, yo ap analize plent ou a epi y ap enfòme w sou sitiyasyon ak tout aksyon yo ap mennen pou yo trete ka a.
- b. Ou ap pwoteje kont reprezay Nasyonzini si w pote plent.

Kontakte Biwo k ap Defann Dwa Viktim yo nan: ovra@un.org.